

REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID

Tit 6Gx50

Chapit 5. Prensip jeneral pou tout elèv  
Seksyon 5.60

**Règleman 5.60 Kalifikasyon pou patisipe nan aktivite ki pa akademik nan klas K-12**

1. **Objektif.** — Yo kreye aktivite ki pa akademik yo ak entansyon pou yo siplemante kourikoulòm regilye lekòl la ak pou bay elèv yo opòtinite pou anrichisman. Menm lè aktivite ki pa akademik yo enpòtan pou kwasans ak devlopman chak elèv, yo dwe sèvi kòm sipleman pou aprantisaj ak metriz konesans de baz elèv yo nan kourikoulòm regilye a.
2. **Patisipasyon ekkitab**
  - a. Direktè/tris lekòl yo dwe chwazi anplwaye kòm konseye, direktè/tris, antrenè ki sòti nan divès ras, etnisite ak sèks diferan.
  - b. Yo pa dwe anpeche ni refize pou elèv yo okipe pozisyon lidèchip nan aktivite ki pa akademik yo akoz ras yo, nasyonalite, andikap, sèks, kondisyon matrimonyal yo, oswa paske yo pa pale anglè byen, jan Lwa sou egalite nan edikasyon an mande sa.
  - c. An jeneral, yo pa ta dwe refize yon elèv patisipe nan yon aktivite paske li pa genyen kòb pou li peye depans pou aktivite a; men, li posib pou yo mande elèv yo pou yo peye asirans pou atletism kòm kondisyon pou yo patisipe nan aktivite ki pa akademik yo, epi yo kapab enterese donatè tankou klib ankourajman yo pou yo ede elèv ki genyen difikilte pou yo peye asirans pou atletism yo.
  - d. Dapre Lwa Florid Stat. § 1006.28(3)(b) ak Règleman 8.1225, y ap anpeche yon elèv patisipe nan aktivite ki pa akademik yo lè elèv la dwe lajan apre direktè/tris lekòl la fin fè efò rezonab pou kolekte lajan an, poutèt materyèl edikatif elèv yo te pèdi, detwui, oswa domaje san rezon, amwenske elèv la chwazi pou l fè sèvis kominotè pou li kapab peye dèt li dapre règleman 8.1225.
  - e. Sipèentandan an oswa reprezantan li dwe siveye pou fè sèten tout elèv kapab antre egalego nan aktivite ki pa akademik yo konsa:
    - i. Elèv ki nan klas K-5.—Direktè/tris lekòl primè elemantè yo dwe ranpli yon sondaj chak ane pou aktivite ki pa akademik yo (edikatif ak non edikatif). Sondaj la ap divize kantite patisipan yo, patisipan ki jwenn sèvis Edikasyon pou elèv espesyal (ESE), elèv ki ap aprann pale anglè (ELL), sèks, ras, (Afriken-Ameriken, Panyòl, Blan oswa lòt).
    - ii. Elèv ki nan klas 6-8.—Sipèentandan an dwe etabli pwosedi pou fè sèten yo respekte kritè règleman Asosyasyon pou Aktivite nan lekòl primè elemantè nan rejyon Palm Beach yo ("PBCMSAA"). Direktè/tris lekòl primè elemantè yo dwe ranpli chak ane yon sondaj ki genyen dis (10) aktivite ki pa akademik (edikatif ak non edikatif) Sipèentandan an deziyen. Sondaj la ap divize an kantite patisipan yo, patisipan ki jwenn sèvis Edikasyon pou elèv espesyal (ESE), elèv ki pa ap aprann pale anglè byen (ELL), sèks, ras, (Afriken-Ameriken, Panyòl, Blan oswa lòt).
    - iii. Elèv ki nan klas 9-12.—Yo dwe fè aplike Règleman Asosyasyon pou Aktivite nan lekòl segondè nan rejyon Palm Beach yo ("FHSA"). Direktè/tris lekòl segondè yo dwe ranpli chak ane yon sondaj ki genyen dis (10) aktivite ki pa akademik (edikatif ak non edikatif) Sipèentandan an deziyen. Sondaj yo ap divize an kantite patisipan, sèks, ak ras (Afriken-Ameriken, Panyòl, Blan oswa lòt).

Yo dwe soumèt tout sondaj lekòl yo pa pita 30 me bay Sipèentandan zòn apwopriye a, dapre enfòmasyon ki nan ekran aktivite elèv yo (A26).

- f. Pa pita 15 jen chak ane, Sipèentandan zòn nan dwe soumèt bay Sipèentandan an rezilta sondaj la ansanm ak yon plan aksyon alekri ki pou retire tout baryè aparant ki ta kapab anpeche divèsite nan patisipasyon anplwaye ak elèv nan aktivite ki pa akademik yo. Si nivo patisipasyon nan kategori elèv sa yo ta genyen yon gwo diferans sou valè elèv ki enskri nan kategori sa a, ta sipoze genyen yon bon eksplikasyon pou jistifye se pa pou koz diskriminasyon.
- g. Pa pita 30 jen chak ane, Sipèentandan an dwe soumèt bay komite dirijan distri lekòl la yon rapò ki annakò ak SBER 6A-19.004 konsènan patisipasyon nan aktivite ki pa akademik yo nan nivo lekòl primè elemantè, primè mwayen ak segondè. Rapò sa a dwe baze sou rapò Sipèentandan zòn nan ak lòt enfòmasyon epi l dwe genyen ladan l:
  - i. Enfòmasyon endividyèl ak nan tout distri a sou done konsènan konseye lekòl yo, direktè/tris, antrenè, ak sipòtè selon ras, nasyonalite, sèks, LEP, ak ESE
  - ii. Enfòmasyon sou patisipasyon nan aktivite yo seleksyone dapre ras, nasyonanlite, sèks, LEP ak ESE;
  - iii. Idantifikasyon tout baryè konsènan seleksyon ekkitab divès anplwaye ki bay konsèy, direktè/tris, antrenè, ak ajans k ap finanse;
  - iv. Idantifikasyon tout baryè pou patisipasyon ekkitab elèv divès popilasyon nan aktivite ki pa akademik yo;
  - v. Idantifikasyon tout inegalite nan aktivite ki pa akademik yo ofri nan lekòl yo;
  - vi. Rekòmandasyon pou retire tout inegalite nan patisipasyon nan aktivite ki pa akademik yo;
  - vii. Rekòmandasyon pou retire tout inekite konsènan aktivite ki pa akademik yo ofri yo epi;
  - viii. Rekòmandasyon pou fè sèten genyen divèsite pami anplwaye ki bay konsèy yo, direktè/tris, antrenè ak sipòtè.

**3. Eljiblite akademik nan lekòl primè mwayen.** — Jan sa di nan Plan pwogresyon elèv la epi annankò ak règleman PBCMSAA a, men kritè akademik pou elèv lekòl primè mwayen yo kapab patisipe nan aktivite entèskolè ki pa akademik:

- a. Yo dwe limite kalifikasyon pou chak elèv lekòl primè mwayen a twa (3) zan suivi apati dat elèv la te antre nan 6<sup>yèm</sup> ane.
- b. Pou kalifye pou antre nan konpetisyon atletik entèskolè pandan premye peryòd kanè a, yon elèv 6<sup>yèm</sup> ane dwe yon elèv an bònedefòm nan lekòl li reprezante a (amwenske li nan lekòl adomisil oswa yon lekòl semi prive jan sa di nan seksyon (7) anba a; elèv la dwe te pase nan senkyèm ane pou l ale nan 6<sup>yèm</sup> ane; dwe pran valè klas pou l pran, fè devwa l nòmalman, avèk yon bon konpòtman.
- c. Tout elèv lekòl primè mwayen yo te plase administrativman p ap kalifye pou premye nèf (9) semèn plasman an.
- d. Si elèv la pa pase plis pase yon (1) sijè pandan peryòd kanè nèf semèn nan, sa kapab lakoz elèv la pa elijib pou li pratike nan konpetisyon pandan pwochen peryòd kanè nèf semèn nan. Anplis, elèv la dwe kenbe yon mwayèn jeneral 2.0 ak bon konpòtman jan direktè/tris lekòl la detèmine sa,

- e. Yon elèv nan lekòl primè mwayen ki gen 15 an avan premye septanm ane lekòl la ap pèdi elijiblite li.
- f. Pou patisipe nan premye semès 9<sup>yèm</sup> ane a, elèv la te dwe pase klas 8<sup>yèm</sup> ane imedyatman nan ane lekòl avan an.

4. **Elijiblite akademik nan lekòl segondè**—Jan sa di nan Lwa Florid § 1006.15(3)(a), men kritè minimòm pou elijiblite akademik pou elèv lekòl segondè patisipe nan aktivite entèskolè ki pa akademik:

- a. Kenbe yon mwayèn jeneral 2.0 oswa plis sou yon echèl 4.0, oswa ekivalan li, nan semès presedan an oswa yon mwayèn jeneral 3.0 oswa plis sou yon echèl 4.0 oswa ekivalan li, nan klas ki egzijib pou gradye nan lekòl segondè dapre lwa florid § 1003.43(1).
- b. Egzekite ak ranpli kondisyon kontra pèfòmans akademik ant elèv, komite dirijan distri lekòl la, asosyasyon apwopriye k ap dirije a, ak paran elèv yo, si mwayèn jeneral elèv la tonbe anba 2.0 oswa ekivalan li, sou yon echèl 4.0 nan sijè ki egzijib dapre Lwa Florid Fla. Stat. § 1003.43(1) oswa, pou elèv ki te antre nan 9<sup>yèm</sup> ane avan ane lekòl 1997-1998, si mwayèn jeneral elèv la tonbe anba 2.0 sou yon echèl 4.0, oswa ekivalan li, nan klas ki egzijib dapre § 1003.43(1) elèv la te pran apre 1<sup>ye</sup> jiyè 1997. Omwen, kontra a dwe egzije pou elèv la ale nan lekòl grannvakans, oswa ekivalan li pou mwayèn nan, ant 9<sup>yèm</sup> ak 10<sup>yèm</sup> ane oswa 10<sup>yèm</sup> ak 11<sup>yèm</sup>, si nesèsè
- c. Genyen yon mwayèn jeneral 2.0 oswa pi wo sou yon echèl 4.0, oswa ekivalan li, nan sijè ki egzijib dapre Lwa Florid § 1003.43(1) pandan elèv la nan lekòl segondè
- d. Yon elèv ki elijib nan kòmansman semès la dwe rete elijib pou rès semès la, eksepte si li genyen anpil absans movèz konduit, oswa lòt rezon valab ki kapab lakoz direktè/tris lekòl la deklare elèv la inelijib avan fen semès la.
- e. Elèv la dwe kenbe yon bon konduit jan direktè/tris lekòl la mande sa. (Sizoka elèv la te kondane oswa yo te detèmine li te komèt yon krim oswa yon ak delenkans ki t ap yon krim si se te yon granmoun ki te komèt li, menm lè yo pa t ap ran yon desizyon, yo ta dwe diskalifye elèv la pou li pa patisipe nan aktivite entèskolè ki pa akademik yo).

5. **Kritè jeneral elijiblite**

- a. Direktè/tris lekòl primè mwayen yo genyen responsablite pou yo fè sèten tout elèv lekòl primè mwayen k ap patisipe nan aktivite entèskolè yo obeyi règleman PBCMSAA ak/oswa règleman Asosyasyon Lekòl Mizik Florid ("FSMA"). Dapre jan Sèvis Elèv yo fè sa, y ap etabli elijiblite nan premye lekòl la.
- b. Direktè/tris lekòl segondè yo reponsab pou yo fè sèten chak elèv lekòl segondè k ap patisipe nan aktivite entèskolè yo, kòm yon reprezantan lekòl li, elijib pou l patisipe anba règleman FHSAA yo. Jan Sèvis Elèv yo fè sa, y ap etabli elijiblite nan premye lekòl la. Direktè/tris a genyen responsablite tou pou li rapòte nenpòt iregilarite bay FHSAA, Sipèentandan zòn nan, oswa reprezantan Sipèentandan an.
- c. Anplis règleman FHSAA oswa PBCMSAA, men ki lòt règleman ki dwe aplike:
  - i. Okenn elèv pa kapab patisipe nan aktivite entèskolè yon lekòl ki pa lekòl kote yo te mete l avan nan ane lekòl la **amwenske** elèv la:
    - A. rete aktyèlman ak legalman nan zòn limit lekòl la; oswa
    - B. genyen yon transfè Sèvis Elèv yo apwouve; oswa

- C. yo te aksepte l nan yon lekòl espesyalizasyon ak chwa annakò ak pwosedè aplikasyon pou lekòl espesyalizasyon ak chwa (akondisyon elèv la ap vini inelijib pou espò nan lekòl espesyalizasyon ak chwa si li kite lekòl la, oswa yo mete l deyò nan pwogram espesyalizasyon ak chwa a; oswa
  - D. transfere nan yon nouvo lekòl nan pwogram Bousdetid Opòtinite oswa bousdetid McKay pou timoun ki andikape annakò ak lwa Florid §§ 1002.38 oswa 1002.39; oswa
  - E. administrasyon an te mete l.
    - ii. Direktè/tris lekòl yo dwe revize plasman elèv yo chak ane.
    - iii. Y ap konsidere tout elèv yo jwenn ki te bay fo enfòmasyon pou l kapab kalifye kòm inelijib pou l patisipe nan konpetisyon nan tout lekòl piblik nan distri lekòl reyon Palm Beach pandan ane lekòl yo te dekouvri enfòmasyon yo te fo.
    - iv. Sipèntandan an, Sipèntandan zòn nan, direktè/tris lekòl yo, antrenè yo, oswa ajans ki patwone aktivite lekòl yo kapab poze kesyon sou elijiblite nenpòt ki lè. Yo kapab prezante kesyon sou elijiblite yo bay direktè/tris lekòl kote yo genyen kesyon sou elijiblite elèv la.
  - d. Yo dwe etabli yon Komite Apèl pou Elijiblite nan Aktivite Entèskolè (IEAC) pou revize tout kesyon elijiblite yo pa rive jwenn solisyon pou yo. Ni Règleman sa a ni kèlkeswa lòt rekòmandasyon komite a p ap kapab anpeche aplikasyon lwa ak règleman FHSAA ak PBCMSAA yo.
6. **Klib ak aktivite ki pa espòtif.** Kritè akademik minimòm pou elijiblite patisipasyon nan konpetisyon entèskolè ki pa akademik, aktivite ki pa espòtif ak klib ap menm GPA Lwa Florid 1006.15(3)(a), FHSAA, ak PBCMSAA egzije pou patisipasyon nan espò.
7. **Elèv k ap resevwa edikasyon adomisil ak nan lekòl semi prive** - Elèv k ap resevwa edikasyon adomisil yo anba menm lwa elijiblite tankou tout elèv lekòl piblik. “Yon elèv k ap resevwa edikasyon adomisil elijib pou l patisipe nan menm lekòl piblik li ta dwe ale dapre prensip pou zòn limit lekòl komite dirijan distri lekòl la etabli oswa elèv la ta sipoze chwazi dapre règleman enskripsyon lib distri a kontwole pou kont li oswa ak lòt distri, nan aktivite entèskolè ki pa akademik”, annakò ak Lwa Florid § 1006.15(3)(c). “Yon elèv lekòl semi prive kapab elijib pou l patisipe nan lekòl piblik kote yo mete elèv la dapre zòn limit lekòl komite dirijan distri a etabli oswa elèv la ta chwazi pou li ale dapre règleman enskripsyon lib distri a kontwole pou kont li oswa ak lòt distri, nan aktivite entèskolè ki pa akademik nan lekòl la, amwenske lekòl semi prive elèv la bay aktivite sa yo”, dapre kondisyon Lwa Florid § 1006.15(3)(d).
8. **Entèdiksyon pou Rekritman** – Li entèdi pou anplwaye distri lekòl la fè rekritman elèv lòt lekòl pou aktivite atletik, ni dirèkteman ni endirèkteman, epi yo kapab disipline anplwaye sa yo oswa menm revoke yo si yo vyole règleman sa a. Y ap disipline oswa menm revoke tout direktè/tris lekòl ki pèmèt volontèman oswa ankouraje rekritman elèv nan lòt lekòl. Y ap disipline oswa menm revoke tout anplwaye ki kache enfòmasyon konsyaman ak volontèman konsènan elijiblite l lè siperyè li poze l kesyon sou sa.

OTORITE LEGAL: §§ 1001.41(2); 1006.15, Fla. Stat.

LWA ANVIZAJE: §§ 1000.05; 1001.41(1), (2); 1006.15; 1006.20; 1006.28(3)(b), Fla. Stat.

RÈGLEMEN DEPATMAN 6A-19.002, 6A-19.004, F.A.C.  
EDIKASYON ETA A:

DOSYE ISTORIK: 5141; 2/28/72; 8/16/78; 4/4/79; 5/6/87; 8/17/88; 12/2/92; 2/18/98; 8/2/2004

